

**POLITIK SOU MEDYA SOSYAL
& KOMINIKASYON
ELEKTWONIK**
nan
**RANKONT AK REYINYON KAY
BICHOP**

Yon fwa Kay Bichòp adopte politik sa yo, se pou yo distribye yo by tout moun ki patisipe nan rankont ak reyinyon nan Kay Bichòp nan divès lang sa yo: Angle, Espanyòl, Franse ak Kreyòl – epi lòt lang si nesesè. Se pou yo distribye kopi politik sa yo sou tab tout bichòp epi fòk gen ase kopi disponib pou vizitè, envite, manm pèsonèl yo, chaplen yo ak moun k ap tradwi.

1. Lè nou pale de ‘medya sosyal’ ak komunikasyon elektwonik, li gen ladan I (men pas sa sèlman):
Foto, imel, blogs, Twitter, Facebook, LinkedIn, videyo, pwogram ‘live’, anrejistremant tep ak lòt ‘multimedya’, avèk tou aparèy ki pèmèt tande ak/oswa anrejistre sou Nèt lan.
2. Kay Bichòp ap resevwa enfòmasyon anvan sesyon an si gen jounalis ak fotograf k ap la.
3. Chak sesyon va kòmanse ak yon deklarasyon k ap di si rankont / reyinyon an se yon “Sesyon Odinè” oswa yon “Sesyon Ekzekitif”. Se presidan an ki va anonsé sa. Li ta bon tou pou yo ta afiche sa nan pòt antre kote rankont lan ap fèt – yon fason pou tout moun wè l.
4. Men Stati rankont ak reyinyon Kay Bichòp yo:

Sesyon Odinè: Manm Kay Bichòp yo, envite yo, chaplen, moun k ap tradwi yo, vizitè, manm medya yo (laprès) ak pèsonèl Bichòp Prezidan an va deziyen va prezan.

Nan Sesyon Odinè yo:

Pou pran foto fòk ou gen pèmisyón moun k ap nan foto an; sòf si se yon manm pèsonèl la ki la pou pran foto; yo gen pou revize foto manm pèsonèl lan pran. Ou kapab pataje foto yo apre sesyon an – pa pandan sesyon an – avèk pèmisyón moun ki anchaj. Foto manm pèsonèl lan pran, li va pataje yo nan fen jounen an.

Yo kapab site kèk nan entèvenan yo (moun k ap pale) pandan sesyon òdinè yo, men se sèlman nan fen sesyon an yo kapab kominike pawòl yo te di.

Sesyon Ekzekitif: Manm Kay Bichòp, moun Bichòp Presidan envite, chaplen ak moun k ap tradwi yo va prezan

Nòt: Objektif Sesyon Ekzekitif yo:

Ranfòse relasyon ak komunikasyon pami manm yo

Pèmèt manm yo pale lib e libè epi ekplwore tout jan pou konsidere pwoblèm ak koze ki ta mande atansyon yo

Diskite pwoblèm delika yo an prive jiskaske Kay Bichòp pare pou pale yo an publik
(yo sòti nan boardsource.org)

Nan Sesyon Ekzekitif yo:

Se pou tout moun gade konfidansyalite nan sa ki diskite epi respekte yo.

Li entèdi pou utilize medya sosyal yo ak komunikasyon elektwonik oswa prepare yo alavans.

Nou pa otorize pran foto

Nou pa otorize anrejistre sou tep oswa fè videyo

Nou pa kapab site non manm Kay Bichòp yo oswa fè referans a yo menm nan ankenn komunikasyon oswa mesaj n ap afiche

Tout komunikasyon ki konsène Sesyon Ekzekitif yo dwe tann Kay Bichòp distribye yon rapò / deklarasyon ofisyèl publikman

Manm Kay Bichòp k ap voye kelkeswa mesaj oswa komunikasyon konsènan sa k te di nan Sesyon Ekzekitif lan apre rapò finn sòti dwe pale sèlman pou tèt yo, sa yo panse ak refleksyon pa yo – yo dwe evite di pawòl oswa kòmantè lòt moun

5. Règleman sou Lòd/Disiplin Robert ekri, pèmèt diskisyón ak vòt pandan Sesyon Odinè yo tankou nan Sesyon Ekzekitif yo.

Standa/ Règ Kay Bichòp

Konvansyon Jeneral

2015

Laval Salt Lake, UT

**Valè ak
Konpòtman
Fondalnatal Nou**

**Kondisyon pou
Angajman ak Valè
Nou**

**Politik sou Medya
Sosyal ak
Kominikasyon
Elektwonik Nan
Rankont Kay Bichòp**

VALÈ AK KONPÒTMAN FONDALNATAL NOU

Kay Bichòp (HOB) Legliz Episkopal

Nan revizyon akò HOB te fè nan tan pase yo, Komite Developman Pastoral te pibliye sèt (7) valè fondalnatal nou kapab praktike nan konpòtmnan nou, valè ki la pou sèvi nou, kit se nan sesyon yo oswa lè nou deyò, pandan n ap fè tout jèfò pou nou swiv Kris epi rete fidèl a batèm nou ak ve nou te fè kòm Bichòp nan Legliz Bondye a:

1) PREZANS NOU, lè nou patisipe nèt alkole nan rankont yo ak sèvis adorasyon yo.

Kòm Ko Kris, tout mamm yo gen enpòtans yo, Ko Kris lan diminye lè yon mamm pa la e nou te fè ve pou nou "pataje avèk lòt frè nou ki Bichòp/Pastè nan gouvènman tout Legliz lan" (BCP 518)

Eske w ap fidèl nan PREZANS ou?

Wi, ak èd Bondye.

2) DESIDE ENKÒPORE NOU TOUT BON (INCORPORATION COMPLÈTE & INTENTIONNELLE) nan HOB, jan sa demontre nan angajman noun an travay College des Bishops e nan patisipasyon nou yonn apre lòt nan Lidèchip andedan gwooup travay ak gwooup fondalnatal yo, pandan rankont nan HOB.

"Menm jan yon kò gen plizyè mamm e se pa tout mamm yo ki gen menm fonksyon, nou menm tou, nou anpil, nou fè yon sèl kò nan Kris, e chak moun bò pa li se mamm yonn lòt. Nou gen talan/don ki diferan selon gras nou resevwa nan men Bondye: don pwofesi (anonsé sa Pawòl la di), selon posyon lafwa nou" (Wom 12:1ff). Se nou menm tou k ap dirje Legliz (Lidèchip)" (BCP 517).

Eske w ap fidèl nan 'INCORPORATION COMPLETE & INTENTIONNELLE' (DESIZYON POU FÈ PATI NÈT ALKOLE) nan Kò Kris lan?

Wi, ak èd Bondye.

3) COLLEGIALITÉ, jan sa demontre nan respèn ou genyen yonn pou lòt e jan nou konsidere kijan aksyon nou kòm endividé ak aksyon kolektif nou kapab afekte Legliz.

Men Bondye ranje kò sa yon fason pou li bay mamm ki pi piti a plis lone, yon fason pou pa gen ankenn chirepit andedan kò a, men mamm yo va pran swen yonn lòt. Si yon mamm ap soufri, rès kò a ap soufri avè l; si yon mamm resevwa lone/glwa, tout lòt yo rejwi avè l (1Kor 12:24b-26).

Eske genyen nan nou, si ptit nou mande nou pen, n ap bali yon wòch? Oswa si ptit nou mande nou yon pwason, n ap bali yon sèpan? Si nou menm atò ki pa bon, nou konnen pou nou bay ptit nou bon bagay , nou pa bezwen mande pou Papa nou ki nan Syèl la, jan li konn bay ptit li yo bon bagay lè yo mande l – Nan tout sa n ap fè, aji anvè lòt yo menm jan nou ta remnen yo aji anvè nou; sa se lalwa pwofèt yo (Mat 7:9ff).

Eske w ap fidèl nan lespri COLLEGIALITÉ (NOU SE YON KOMINOTE) andedan Kò sa?

Wi, ak èd Bondye.

VALE AK KONPÒTMAN FONDALNATAL NOU (Swit)

4) RESPÈ YONN POU LÒT (MUTUEL), jan sa demontre lè nou koute e pale ak respè, e montre tout atansyon nou pou moun pa di nou meprise yo, ak konfidansyalite ki apwopriye a. Pou demontre EGALITÉ NAN KOMINIKASYON nou andedan gwooup travay ak gwooup fondalnatal yo, tankou nan konvèssasyon nou nan sesyon plenyè.

Nou pwomèt pou nou "respekte diyite chak moun (être humain)" epi "chache sèvi Kris kay tout moun, renmen pwochen nou tankou tèt pa nou" (BCP 305). Kelkeswa moun ki montre l 'tou piti' (humble) tankou ti pitit sa, li vi pa gran nan Woyòm syèl la (Mat 18:4).

Eske w ap fidèl nan RESPÈ YONN POU LÒT AK EGALITÉ NAN

KOMINIKASYON NOU andedan Kò a?

Wi, ak èd Bondye.

5) SAJÈS KOLEKTIF, jan sa demontre lè nou kenbe dokiman/materyèl ki mande pou gade yo plis andetay apre yon rankont e avant lòt lan, e lè nou dakò aprann yonn de lòt.

Yon Bichòp andedan Legliz Bondye a resevwa apèl pou li fè yonn ap Apot yo... Bondye rele w pou gade lafwa, linite ak disiplin nan Legliz... Ou va pataje ak frè Bichòp tankou w, nan Lidèchip Legliz (BCP 517). Eske w kwè nan Bondye, nan Lespri Sen? Mwen o you believe in God the Holy Spirit? I believe in

... the communion of saints (BCP 304).

Will you be faithful in sharing COLLECTIVE WISDOM in this Body?

Wi, ak èd Bondye.

6) PALE DWAT, DIRÈK, LÈ W ANPIBLIK OSWA NAN

KOMINIKASYON PRIVE (SAN DETOU), jan sa dmontre nan akò ki di "verifye l avan w pale l".

Se pou "Wi w se Wi" oswa "Non w se Non"; tout sa w ka mete sou li se dyab la ki di l (Mat 5:37). Alòs mwen pè pou lè m vini, mwen pa jwenn nou jan m vle a e pou nou pa jwenn mwen jan nou ta vle a; Mwen pè pou pa gen chirepit, jalouzi, kòlè, egoyis, tripotay, kalomni, lògèy ak dezòd (2Kor 12:11). Lajwa nou se swiv sila ki te vini, pa pou yo sèvi l, men pou li sèvi yo e bay lavi l pou peye libète /ranson anpil nan nou (BCP 517).

Eske w ap fidèl nan KOMINIKASYON DIRÈK, DWAT, andedan

Kò a?

Wi, ak èd Bondye.

7) RANN KONT, jan sa demontre nan travay nou fè anvan kote nou enplike konvèssasyon ak lapriyè avan nou avanse nan tout aksyon ki ka gen dezakò.

Eske w ap prezèvè tèt ou epi reziste dyab lan – chak fwa ou va peche pou repenti e retounen vinn jwenn Seyè a? (BCP 304). Eske w ap fidèl nan lapriyè e nan etid Pawòl Bondye a, pou kapab gen menm Lespri ak Kris? (BCP 518). Eske w kwè tout bon vre Bondye rele w pou travay kòm Bichòp/Pastè? (BCP 517).

Eske w dakò RANN KONT a Bondye ak lòt bichop yon an Kò sa?

Wi, ak èd Bondye.

HOB – Reyinyon ki fèt nan Kanuga

Camp ak Sant Konferans

Hendersonville, Caroline du Nord -

Mas 2015 Konvansyon Jeneral 2015

Premye Mo pou Angajman ak Valè Fondalnatal

Nou menm, Bichòp Legliz Episkopal nou reyini nan reyinyon nou te fè an Mas 2015, nou rele tèt noun an lidèchip ak akò nou eksprime la, pandan n ap avanse nan misyon Legliz.

N ap travay pou nou touen yon Legliz ki gen lespri misyon an, yon fason pou nou eksprime valè fondalnatal nou ki gen ladan l 'Gran Kòmandman' an ki rele nou kòm yon kominote lanmou kote tout moun kapab jwenn plas yo.

Eksperayans Konvansyon Jeneral lan

Nou menm, kòm bichòp nan kominote yo, n ap mete yon tan apa chak jou pou nou pataje lafwa nou nan konvèssasyon ki gen valè, yonn ak lòt. Nou vle kanpe travay pou nou lapriyè, fè refleksyon spirityèl ak sajès (discernement) pandan travay Konvansyon an, spesyalman lè nou angaje nan konvèssasyon ak desizyon ki difisil anpil.

Nou rekonèt itilite differan zouti nan aksyon n ap mennen, savledi nan lejislatyon, konvèssasyon tout tan ak konsensis (tombe dakò). Nou mande Konvansyon an detèmine mwayen ak moman ki pi apwopriye pou fè aksyon yo, nou rekonèt gen anpil zouti ki disponib ak benefis potansyèl e konsekans chak zouti nou itilize. Pou kesyon delika yo, n ap dakò kanpe sou Règ Lòd yo epi diskite nan ti gwooup avan nou fè tout aksyon.

N ap fè dilijans pou n idantifye kesyon sa yo epi bay yon reposn ki apwopriye e teknik, ansanm ak aspè ki mande yon travay adapte (spesifik).

Angajman nan Preparasyon pou Konvansyon

N ap travay e pale selon eksperayans Kominyon kote nou va chache dekovuri kijan pou nou avanse lè nou pa ka tonbe dakò sou yon kesyon.

Nou va ankouraje reprezantan nou yo (depite) pou yo toujou byen enfòme, ogmante kapasite yo pou yo kapab koute avèk anpil atansyon (sitou lè y ap angaje yon an debat ki difisil e delika/ki pa mete moun alèz), pou nou menm kòm manm Konvansyon an e moun ki gen lafwa, nou kapab pran pi bon desizyon ki disponib nan moman sa.

Nou rekonèt se reskonsabilite pa nou tou sèl pou nou gade lafwa, linite ak disiplin Legliz, pandan n ap afime yon lòt fwa Kay Depite & Kay Bichòp pataje menm lespri gouvènans lan, e nou reprezante tout kominote Legliz nou.

Nou angaje nou nan dialog ak bichòp e depite k ap pale nan yon pèspektiv differan de pa nou an, e pou nou lapriyè pou tout konvèssasyon nan konvansyon an. Nou ankouraje depite nou yo chache fè menm jan ak nou.